


Yo itilize done siveyans VIH Vil Nouyòk la pou planifye ak egzekite inisyativ pou prevansyon, tès ak tretman pou amelyore sante Nouyòkè yo. An 2024, kantite moun ki fèk resevwa yon dyagnostik VIH (1,791) te ogmante 5.4% konpare ak 2023. Done ki montre ogmantasyon ak inegalite nan nouvo dyagnostik ak ensidans yo estime mete aksan sou bezwen pou gen yon repons sante piblik kont VIH ki konstan e menm akselere.




Maladi VIH nan NYC 2024

1,791 moun te dyagnostike kòm nouvo moun ki gen maladi VIH nan NYC an 2024 — yon ogmantasyon **5.4%** konpare ak 2023.

Pòsyon moun yo fèk dyagnostike ak maladi VIH nan NYC selon ras ak apatenans etnik



Pòsyon popilasyon NYC a selon ras ak apatenans etnik



85% nan moun yo fèk dyagnostike ki gen maladi VIH yo se te Nwa oswa Latino,¹ poutan gwoup sa yo te reprezante sèlman 50% nan popilasyon NYC a.

Pami moun yo fèk dyagnostike ak maladi VIH yo:

75% se te gason

20% se te fanm

4% se te fanm ki transeksyèl

Mwens pase 1% se te gason ki transeksyèl

Mwens pase 1% te gen lòt idantite seksyèl²

66% te nan laj 20 rive 39 lane

0 rive 12 | **Mwens pase 1%**

13 rive 19 | **3%**


20 rive 29 | **34%**

30 rive 39 | **32%**


40 rive 49 | **16%**

50 rive 59 | **9%**

Plis pase 60 | **7%**



96% sanble pran maladi VIH la nan **kontak seksyèl** ak **3%** te rapòte yon **antesedan sou itilizasyon dwòg atravè enjeksyon**^{3,4}



65% se te **gason ki fè bagay ak gason**^{3,4}

Yo estime gen **91,300** moun ki gen maladi VIH k ap viv nan NYC an 2024.

Sou chak 100 moun ki gen maladi VIH nan NYC:

94 te dyagnostike

87 te resevwa swen medikal pou VIH

83 te resevwa preskripsyon medikaman pou tretman VIH

81 te anba kontwòl viral

Sipresyon viral⁵ pami moun ki gen maladi VIH yo diferan selon ras oswa apatenans etnik yo.¹

Nwa | **77%**

Latino | **81%**

Blan | **89%**

Azyatik oswa Moun ki soti sou Zile Pasifik | **83%**

Ameriken Natif Natal | **76%**

Miltirasyal | **74%**

Gen enfòmasyon ak resous sou prevansyon, tès ak tretman maladi VIH ki disponib nan NYC.

Prevansyon

Anplis kapòt ak lòt metòd pwoteksyon yo, gen medikaman ki san danje e ki efikas nenpòt moun ka itilize pou fè prevansyon kont maladi VIH.

- Pwofilaksi Pre-Ekspozisyon (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP) fè prevansyon kont maladi VIH la alavans.
- Pwofilaksi Apre Ekspozisyon (Post-Exposure Prophylaxis, PEP) se yon medikaman dijans ki ka anpeche yon nouvo enfeksyon VIH si moun nan pran l tousuit apre yon ekspozisyon.

Depistaj

Ou ka jwenn tès depistaj pou maladi VIH ki bon mache oswa gratis toupre w la lè ou:

- Vizite yon Klinik Sante Seksyèl NYC, kote nenpòt moun apati laj 12 lane oswa plis kapab fè yon tès depistaj ki konfidansyèl, anonim: **nyc.gov/sexualhealthclinics**
- Chèche nan Kat Jeyografik NYC Health la: **nyc.gov/health/map**
- Veye mesaj tèks "TESTNYC" bay 55676
- Rele **311**
- Pou jwenn asistans pou notifikasyon patenè yo, rele **311**.

Tretman

Medikaman pou trete maladi VIH yo san danje e yo pi efikas ke jamè.

- Endektetab = Entransmisib (Undetectable = Untransmittable, U=U): Moun ki gen maladi VIH ki sou tretman e ki kenbe yon chaj viral endektetab pa ka transmèt VIH nan fè sèks.

Nòt: Done yo rapòte bay Depatman Sante NYC a nan dat 31 mas 2025 la. Pou jwenn enfòmasyon sou done ak definisyon yo, epi pou w li tout Rapò Anyèl sou Siveyans VIH la, ane 2024, vizite **nyc.gov/hivreports**.

¹ Kategori ras yo ekskli apatenans etnik Latino; moun ki gen apatenans etnik Latino yo gwoupe nan kategori Latino kèlkeswa klasifikasyon rasyal yo. ² Lòt idantite jan yo gen ladan l pa binè, ki pa konfòme ak okenn sèks, pa konfòme ak yon sèks, ak nenpòt idantite seksyèl ki pa t nan lis anvan an. Idantite seksyèl yo baze sou done siveyans VIH ki rapòte e ki limite, epi yo site yo san okenn entansyon yerachi oswa priorite. ³ Pousantaj yo ekskli moun ki pa konn enfòmasyon sou transmisyon yo (n = 582). ⁴ Gason ki fè sèks ak gason pa enkli gason ki fè sèks ak gason e ki gen yon antededan sou itilizasyon dwòg atravè enjeksyon. ⁵ Moun ki te gen yon chaj viral endektetab (yon kantite viris ki pi piti pase 200 kopi pa mililit) nan dènye tès yo nan ane 2024 te konsidere kòm anba kontwòl viral.



Pou w jwenn plis enfòmasyon ak resous sou maladi VIH nan NYC, eskane kòd QR la oswa ale sou **nyc.gov/health/hiv**. Pou w jwenn plis enfòmasyon ak resous sou Enfeksyon Moun Pran nan Fè Sèks (IST) yo, ale sou **nyc.gov/sti**.

10.25 Haitian Creole

